

LEKÒL PIBLIK HAVERHILL 2022-2023 FÒM KONSANTMAN POU ELÈV POU TÈS SENTOMATIK COVID-19					
PARAN/GADIAN YO POU RANPLI					
Enfòmasyon sou Paran/Gadyen					
Paran/Gadyen Non enprime:					
Paran/Gadyen Selil/Mobil #:					
Paran/Gadyen Adrès Imèl:					
Enfòmasyon sou Timoun/Elèv					
Non Timoun/Elèv ekri an lèt detache:					
Nivo klas:					
Dat nesans: (MM/DD/YYYY)					
Adrès:		Vil:		Kòd postal:	
Ras (chwazi youn):	☐ Endyen Ameriken/Natif natal Alaska ☐ Azyatik ☐ Nwa/Afriken Ameriken ☐ Natifnatal Awayi/Zile Pasifik ☐ Blan ☐ Lòt ☐ Pito pa di				
Etnisite (chwazi youn):	☐ Panyòl oswa Latinx ☐ Pa Panyòl oswa Latinx ☐ Pito pa di	Sèks:	☐ Gason ☐ Transganr ☐ Femèl ☐ Pito pa di		
Konsantman Enskri/Pa Enskri:	☐ Wi , Mwen bay konsantman pou elèv mwen an patisipe nan tès senptomatik COVID-19 (tanpri li epi siyen fòm ki anba a) ☐ Non , Mwen pa bay konsantman pou elèv mwen an patisipe nan tès COVID-19 pou sentòm. (Pa gen okenn lòt aksyon ki nesèsè)				
CONSENT					
Lè mwen ranpli epi soumèt fòm sa a, mwen konfime ke mwen se paran, gadyen, oswa moun ki otorize legalman pou bay konsantman epi: A. Mwen otorize koleksyonak tès yon echantiyon nan men elèv mwen an pou COVID-19 nan lekòl la pou yon tès antijèn endividyèl. Lè mwen siyen fòm sa a, mwen dakò ak tès sa a pou elèv mwen an. i. Yo ka fè tès endividyèl sou moun ki gen sentòm yo avèk konsantman lè moun yo prezante sentòm yo pandan yo nan lekòl la, oswa nan 24-48 èdtan ki sot pase yo. B. Mwen konprann ke tout kalite echantiyon yo pral minimòm-invasive, kout prelevman nan nen. C. Mwen konprann ke yo pral fè m konnen rezilta nenpòt tès endividyèl pou COVID-19 fè sou elèv mwen an. D. Mwen konprann ke gen posiblite pou yon rezilta tès COVID-19 fo pozitif oswa fo negatif, kèlkeswa kalite tès yo fè. Etandone potansyèl pou yon fo negatif, mwen konprann ke elèv mwen an ta dwe kontinye swiv tout konsèy sekirite COVID-19, epi swiv pwotokòl lekòl la pou izole ak tès nan ka elèv la devlope sentòm COVID-19. E. Mwen konprann ke anplwaye k ap administre tout tès COVID-19 yo te resevwa fòmasyon sou administrasyon tès san danje epi kòrèk. Mwen dakò ke ni administratè tès la, ni Lekòl Piblik Haverhill yo, ni okenn nan administratè yo, ofisye yo, anplwaye yo, oswa patwone òganizasyon yo pa responsab pou nenpòt aksidan oswa blesi ki ka rive nan patisipasyon nan pwogram tès COVID-19 la. F. Mwen konprann ke elèv mwen an ta dwe rete lakay si yo pa santi byen. Mwen rekonèt ke yon rezilta tès endividyèl pozitif se yon endikasyon ke elèv mwen an dwe rete lakay, izole tèt li, epi kontinye mete yon mask oswa kouvri figi jan yo mande yo nan yon efò pou evite enfekte lòt moun. G. Mwen konprann sistèm lekòl la pa aji kòm founisè medikal elèv mwen an, tès sa a pa ranplase tretman founisè medikal elèv mwen an, epi mwen pran tout responsablite pou pran mezi apwopriye konsènan rezilta tès elèv mwen an. Mwen dakò mwen pral chèche konsèy medikal, swen ak tretman nan men founisè medikal elèv mwen an si mwen gen kesyon oswa enkyetid, oswa si kondisyon yo vin pi mal. Mwen konprann mwen responsab finansyèman pou nenpòt swen elèv mwen an resevwa nan men founisè swen sante yo.					

- H. Mwen konprann ke tès COVID-19 ka kreye enfòmasyon sante pwoteje (PHI) ak lòt enfòmasyon ki idantifye pèsònèlman elèv la, epi yo pral jwenn aksè, itilize, epi divilge enfòmasyon sa yo sèlman dapre HIPAA ak lalwa ki aplikab. Dapre 45 CFR 164.524(c)(3), mwen otorize epi mande founisè tès la pou transmèt PHI sa a bay lekòl elèv mwen an, Depatman Sante Piblik Massachusetts, Biwo Egzekitif Sante ak Sèvis Imen Massachusetts, ak laboratwa tès la. Mwen konprann anplis ke yo ka divilge PHI bay Biwo Egzekitif Sante ak Sèvis Imen ak nenpòt lòt pati, jan HIPAA otorize.
- I. Mwen konprann ke patisipasyon nan tès COVID-19 ka mande pou lekòl la divilge idantite elèv mwen an, enfòmasyon demografik, ak enfòmasyon kontak ki soti nan dosye edikasyon bay founisè tès la epi li ka egzije lekòl la divilge idantite elèv mwen an, demografik, ak enfòmasyon kontak ki soti nan dosye edikasyon bay Depatman Sante Piblik Massachusetts. Dapre FERPA, 34 CFR 99.30, mwen otorize lekòl mwen an pou l divilge enfòmasyon ki kapab idantifye pèsònèlman (PII) jan sa nesesè pou elèv mwen an patisipe nan tès COVID-19.
- J. Mwen konprann ke otorizasyon tès COVID-19 sa yo pou elèv mwen an opsyonèl epi mwen ka refize bay otorizasyon sa a, nan ka sa a, elèv mwen an p ap teste.
- K. Mwen konprann ke mwen ka chanje lide epi anile pèmasyon sa a nenpòt ki lè, men ke anilasyon sa a ap gade pou pi devan sèlman, epi yo pa pral afekte enfòmasyon yo te pibliye deja. Pou anile pèmasyon sa a pou tès COVID-19, mwen bezwen kontakte enfimyè lekòl ki baze nan bilding la oswa Katie Vozeolas, Direktè Sante ak Enfimyè. (kvozeolas@haverhill-ps.org).
- L. Mwen otorize founisè tès la ak/oswa Depatman Sante Piblik Massachusetts pou kontwole aspè viris COVID-19 la, tankou swiv mitasyon viral, nan analize echantiyon pozitif pou rezon epidemyolojik ak sante piblik. Rezilta analiz sa yo p ap kapab idantifye moun pèsònèlman ni kreye enfòmasyon pèsònèl idantifyab.

Mwen menm ki siyen an, yo te enfòm m sou objektif tès COVID-19 la, pwosedi yo, benefis ak risk posib, epi mwen te resevwa yon kopi Konsantman Enfòm sa a. Yo te ba m opòtinite pou m poze kesyon anvan m siyen, e yo te di m ke m ka poze lòt kesyon nenpòt ki lè. Mwen volontèman dakò ak tès sa a pou COVID-19 pou elèv mwen an.

Timoun/Elèv - non ekri an lèt detache:		Dat nesans elèv la:
Paran/Gadyen - non ekri an lèt detache:		
Siyati Paran/Gadyen:		Dat: